

Misyon nou

Misyon Depatman Sèvis Jèn lan se pou kreye yon meyè avni nan bay bon kalite sèvis, edikasyon, ak aksè a resous ak opòtinite.

Divizyon Tretman Rezidans lan ak Divizyon Konsèy Familyal la ofri pwogram espesyalize pou fanmi ki bezwen sipò pwofesyonèl nan efò yo pou elve timoun ki an sante.

Nou kenbe e ranfòse entegrite fanmi yo nan ofri bon jan sèvis komple, konpetan, e ki bay yo anpil atansyon.

Kontakte nou



Konte Santral
50 S Military Trl, Ste 203
West Palm Beach, FL 33415
(561) 242-5714

Konte Sid
345 S Congress Ave
Delray Beach, FL 33445
(561) 276-1340

Konte Lwès
2976 State Road 15
Belle Glade, FL 33430
(561) 992-1233

Konte Nò*
3188 PGA Blvd., Sal 1436
Palm Beach Gardens, FL 33410
(561) 242-5714
**Biwo sikisal sou randevou sèlman*



pbcgov.com/youthservices/counseling



[pbcyouthservices](https://www.facebook.com/pbcyouthservices)



[PBCYSD](https://twitter.com/PBCYSD)



[PBCYSD](https://www.instagram.com/PBCYSD)



Kontre Palm Beach la
Komite Komisyonè yo nan Konte a



Pwogram Konsèy pou Jèn Moun ak Fanmi

Kontre Palm Beach
Depatman Sevis Jèn

Divizyon Tretman Rezidansyèl e
Konsiltasyon Familyal

“Chak timoun reve pou yo reysi – se djòb nou pou nou ba yo zouti ak resous pou fè rèv sa yo vin reyalitye.”

- Tammy K. Fields, Direktè Depatman Sèvis Jèn nan Kontre Palm Beach

Deskripsyon Pwogram nan

Pwogram Konsèy pou Jèn Moun ak Fanmi an se yon pwogram kominotè ki dire 3 a 4 mwa konsa, epi ki ofri sèvis terapi gratis pou tout fanmi ki gen timoun e tout jèn moun jiska laj 22 zan.

Ki moun ki kalifye pou pwogram nan?

- Fanmi ki gen timoun ak jèn moun jiska 22 ane
- Moun ki abite nan Palm Beach County



Men Sèvis yo Bay

- Konsèy pou Fanmi
- Konsèy Pèsonèl
- Konsèy an Gwoup
- Sèvis souplas nan Lekòl
- Edikasyon pou Paran ki baze sou evidans S.T.E.P. (Fòmasyon Sistematik pou yon Paran Efikas)
- Swen pou moun ki traumatize osinon ki pran gro chòk, selon Sanctuary Model
- Prezantasyon pou kominote a sou yon varyete sijè ki gen rapò ak jèn ak fanmi yo.

Ki moun ki ka kontakte Konsèy pou Jèn Moun ak Fanmi?

- Paran/Gadyen
- Pèsonèl lekòl yo
- Ofisye pou Ranfòsman Lalwa
- Ajans kominotè
- Nenpòt timoun ki gen 13 an oswa plis
- Nenpòt ki moun ki konnen yon timoun ki ka bezwen èd.



**POZE NOU KESYON SOU ZAFÈ SANTE MANTAL
PREMYE SWEN POU JÈN MOUN**



Egzamp Pwoblèm Nou Adrese

- Nwizans
- Konfyans nan Tèt Ou
- Vyolans nan Fanmi
- Pwoblèm nan Lekòl
- Enkyetid sou Konpòtman
- Separasyon ak Divòs
- Relasyon Timoun ak Paran
- Kominikasyon e Konpetans Sosyal
- Chagren
- Chòk oswa yon eksperyans ki traumatize yon moun.